**दिन–सोमवार** **दिनांक–05.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आओर झारखंड, उत्तर प्रदेश आ छत्तीसगढ़ मे भारी बारीशक कारण राज्यक कतको नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार बागमती नदी बेनीबाद मे आओर कोसी नदी बलतारा मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, गंगा नदीक जलस्तर पटनाक गांधी घाट आओर भागलपुरक कहलगाँव मे चेतवानीक स्तर के पार कऽ गेल अछि। घाघरा आओर गंडक नदी सेहो उफान पर अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे नालंदाक हिलसा अनुमंडल सँ बहयबला लोकाईन नदीक तटबान्ह टुटला सँ बारह सँ बेसी गाम बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। एम्हर, रोहतास जिला मे सोन नदीक जल स्तर बढला सँ तटीय क्षेत्र मे बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। जलस्तर बढला सँ इन्द्रपुरी बराजक उनहतरि फाटक खोलि देल गेल अछि। दोसर दिस, झारखंडक घोड़ा घाट वियरक फॉलिंग शटर टुटि गेला सँ फल्गु नदी सेहो उफान पर अछि। जाहिं सँ जहानाबाद जिलाक मोदनगंज आओर घोसी अंचल क्षेत्र मे नदीक जलस्तर बढ़ि गेल अछि। पानिक तेज बहाव सँ पटना– नालंदा मुख्य मार्ग पर पिताम्बरपुर बरछी बिगहा गाम लग सड़क के टुटि–फुटि गेला सँ आवाजाहि बाधित भऽ गेल अछि।

---

प्रदेशक दक्षिणी क्षेत्र मे बरखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच भोजपुरक सहार मे सभ सँ बेसी छिहत्तरि दशमलव छओ मिलीमीटर बारीश भेल अछि। मौसम विभान केन्द्र पटनाक अनुसार अगिला चौबीस घंटाक बीच किशनगंज आओर अररिया जिला मे किछु ठाम भारी बारीश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–पूर्वी आओर दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र मे किछु ठाम हल्लुक सँ मध्यम बारीश भऽ सकैत अछि। एहि बीच, मेघ गर्जनक संग ठनका खसय के लऽकऽ सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

---

शिक्षा विभाग सरकारी विद्यालयक छुट्टी तालिका मे संशोधन कयलक अछि। विद्यालय मे आब छओ दिनक बेसी छुट्टी भेटत। संशोधित तालिकाक अनुसार आब विद्यायल मे

रक्षाबंधन मे एक दिन, तीज पावनि मे दू दिन, अनंत चतुर्दशी, जितिया आओर गुरूनानक जयंती मे एक–एक दिनक छुट्टी भेटत।

---

रूपौली विधानसभाक पूर्व विधायक बीमा भारतीक पति आई पूर्णियां व्यवहार न्यायालय मे आत्मसमर्पण कऽ देलनि। हुनका अदालत चौदह दिनक न्यायिक हिरासत मे पठा देलक अछि। अवधेश मंडल पर व्यापारी गोपाल यादुकाक हत्याक साजिश रचबाक आरोप अछि। एहि मामिला मे हुनक बेटा राजा सेहो आरोपी छथि जे फरार चलि रहल छथि।

---

दरभंगा ग्रामीण एस.पी काम्या मिश्रा अपन पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि अछि। पुलिस मुख्यालय के पठाओल गेल अपन इस्तीफा मे ओ व्यक्तिगत कारण सँ पदमुक्त होयबाक इच्छा जनौलनि अछि। काम्या मिश्रा दू हजार उनैस बैचक आईपीएस अधिकारी छथि।

---

वैशाली जिलाक हाजीपुर औद्योगिक थाना क्षेत्र मे हाई भोल्टेज तारक चपेट मे अयला सँ नओ कांवरियाक मृत्यु पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा दुख जतौलनि अछि। मुख्यमंत्रीक जनतब पर मृतकक परिजन के चारि–चारि लाख टकाक अनुग्रह राशि दऽ देल गेल अछि। एम्हर, ई घटना मे घायल दू कांवरिया के उपचारक बाद अस्पताल सँ छुट्टी दऽ देल गेल अछि।

---

दोसर दिस, कटिहार जिलाक मनिहारी थानाक कुमारीपुर कजरा लग दू मोटर साईकिलक बीच भेल टक्कर मे चारि युवकक मृत्यु भऽ गेलनि। चारू युवक मनिहारी घाट पर गंगा जल भरय जा रहल छलाह। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे मृतक कटिहार जिलाक मुफ्फसिल थाना क्षेत्रक उदामा रहिका गामक छलाह। जखन कि दू आन युवक पूर्णियां जिलाक सरसी थाना क्षेत्रक छलाह।

---

पटनाक दुल्हिन बाजार थानाक कोरैया गामक पंजाब नेशलन बैंकक शाखा सँ अपराधी सभ बाईस लाख
सीसीटीवी फुटेजक आधार पर अपराधी सभक गिरफ्तारी लेल छापामारी कयल जा रहल अछि।

---

आई सावन मासक तेसर सोमवारी अछि। मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेशक वातावरण शिव भजन आ बोलबमक जयकारा सँ गुंजयमान अछि। मंदिर आओर शिवालय सभ के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। जिला मुख्यालय सभ सँ हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे भोरहि सँ भक्त लोकनिक मंदिर आओर शिवालय मे जलाभिषेक करबाक लेल भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। दरभंगाक कुशेश्वर स्थान मंदिर, मधुबनी जिलाक कपिलेश्वर महादेव आओर मंगरौनीक एकादश रूद्र महादेव, मधेपुराक सिंघेश्वर स्थान, मुजफ्फरपुरक बाबा गरीबनाथ, सोनपुरक हरिहर नाथ, पूर्वी चंपारणक अरेराज मंदिर, पटनाक बैकटपुर धाम आओर लखीसरायक अशोकधाम सहित प्रदेशक विभिन्न मंदिर आ शिवालय सभ मे श्रद्धालु सभ के जलाभिषेक करबाक लेल भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। ओतहि, कैमूरक माँ मुण्डेश्वरी मंदिर आ सीतामढ़ीक हलेश्वर स्थान मे भक्त लोकनि भोरहि सँ जलाभिषेक कऽ रहल छथि। एम्हर, भागलपुरक सुल्तानगंज मे कांवरिया सभ उत्तर वाहिनी गंगा सँ जल बोझि कऽ एक सय पांच किलोमीटर सँ बेसीक दूरी चलि कऽ देवघरक बाबा वैद्यनाथक जलाभिषेक कऽ रहल छथि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।